ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЫДОКI

№143 (22.551) • 2013 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ язныкьуэкъэкъэр ямыIэжу къэлытэныем и Iэхэукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

1. Къару ямыIэжу къэлытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым и Iэхэукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 9-м кыдигъэкIа Указ №18-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым техуэ Хабзэмрэ Советым хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 9-м кыдигъэкIа Указ №18-УП-мкIэ щIэгъэбыдамрэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэныр и Iэхэукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м кыдигъэкIа Указ №153-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэ Советым хэтхэр къэщтэным и Iэхэукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм мазаем и 25-м кыдигъэкIа Указ №14-УП-м.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№113-УГ-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым къэралыр бизнесымрэ инвестицэмрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуным икIи къащхьэщыжыным егъэщIылIа Iуэхуэмкlэ и Ведомствэ зэхуаку комиссэр щымыгъэIэжьным и Iэхэукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэм, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым техуэху Хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м кыдигъэкIа Указ №144-УП-мкIэ щIэгъэбыдам ипкъ иткIэ, **унафэ сощ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым къэралыр бизнесымрэ инвестицэхэмрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуным икIи къащхьэщыжыным егъэщIылIа Iуэхуэхэмкlэ и Ведомствэ зэхуаку комиссэр щымыгъэIэжьным и Iэхэукlэ

2. Къару ямыIэжу къэлытэн:

«Къэбэрдей Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым техуэху Хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м кыдигъэкIа Указ №17-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым къэралыр бизнесымрэ инвестицэмрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъуным икIи къащхьэщыжыным егъэщIылIа Iуэхуэхэмкlэ и Ведомствэ зэхуаку комиссэм техуэху Хабзэм икIи абы хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 30-м кыдигъэкIа Указ №17-УГ-м зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэныр техуэхуэу» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кыдигъэкIа Указ №140-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№114-УГ

Къанокъуэ Арсен сабий зеиншэхэм, адэ-анэхэм ямыпIыжу кIэнахэм къащхьэщыжыным теухуауэ къэралым иубыхуа Iуэхуэхэр пхыгъэкIа зэрыхъуэм тепсэлъыхьащ, ар ягъэзэщIэну эн ищу кыидахуэ Iуэхуэщlапlэхэм я унафэщIэр и гъусэу.

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Гулъытэ нэхъыщхьэр - сабий зеиншэхэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Порэ Галинэ** зэрыжиIамкIэ, кIанэ щымыIэу районхэм къыщызэрагъэпэщащ апхуэдэ сабийхэм ядэIэпыкъуныкIэ къудамэхэр. Псори зэхэту абыхэм щIыху 64-рэ щолажьэ. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым ирихьэлIэу бын ящIащ е пIалъэкIэ ягъэуэта унагъуэхэм щапI ныбжьыщIэ 1532-рэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм пщэрылъ ящищIащ сабийхэм я узынщагъэр хъуэмэным, абы-хэм дохутырхэр и чэзум кьелIыным гулъытэ хуащIну. Iэтащхьэм жраIащ мы гъэм зэрыщIидзэрэ сабий 3596-м я узынщагъэр зыхуэдэр кьыхэрапщытар, дэтхэнэ сабийми IэщIагъэлIипщI кьеплъу. Апхуэдэ лэжьыгъэм къыкIуахэм якъ иткIэ, дэтхэнэ сабийми и узынщагъэм тещIыхьа тхьылъхэр ягъэхьэзыращ. Хуей хьэмэ, нэхъ кууэу кьеIэзэным хуэныкъуэ сабийхэр федеральнэ медицинэ Iуэхуэщlапlэхэм яшэнущ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Семэн Пщыкъан** тепсэлъыхьащ Iэщlагъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ, курыт еджапIэхэм щIэтIысхьэн и лъэныкъуэкIэ сабий зеиншэхэм хуэгъэжIауэ щIэтIысхьэн и лъэныкъуэкIэ сабий зеиншэхэм хуэгъэжIауэ яIэм. Ахэр къралмылъкуIэ ирагъаджэ, кьаухуа нужь ахышэ ящI.

КъБР-м и Iэтащхьэм гулъытэ зыхуищIа нэхъ мышэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэм ящыщщ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэхэм ямыпIу кьэна сабийхэмрэ щыпсэун кьахуэзэгъэпэщыныр. Кьанокъуэ Арсен Правительствэм кьалэн щищIащ а Iуэхуэм щхьэхуэу кIэлыпIлъыну.

● Зэ Iущ Iэхэр

Iуащхьэмахуэ лъапэ щаухуэ

Хлопонин Александр, Кьанокъуэ Арсен, Верещагин Сергей.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хлопонин Александр лэжьыгъэ Iуэхуэкlэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ бадзэуэгъуэм и 23-м, Абы и гъусащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Станицэ Кьанокъуэ Арсенрэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщI Верещагин Сергейрэ.

ВИЦЕ-ПРЕМЬЕРым ирагъэлъэгъуащ зыгъэпсэхупIэм щаухуаэхэр. ЗкъущIэ лъапIэхэр гондол кIапсэ гъуэгумкIэ «Мир» станцым нэс (тенджызэ щIыIум нэхъыр метр 3500-кIэ нэхъ лъагэщ) дэкIуэещ икIи абы щытепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ - Безенги проектыр гъэзэщIэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ОАО-мрэ зэрыязэдэлажьэнум егъэщIылIа Iуэхуэхэм, апхуэдэу иджырей курортхэр зейхэмрэ кьиззэрагъэпэщ экономикэ щIыпIэ щхьэхуэхэмрэ зэхуэдэ Iэмалхэр зэрыратыфыну щыIкIэм. ЗэIущIэм кьыщыхагъэбелджылыкIащ зэгъуэсуэ яубзыхуа Iуэхуэхэр щагъэзащIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-мрэ нэхъ кууэ зэдэлэжьэн зэрыхуейр.

Апхуэдэу и гугъу ящIащ «Мир» станцым кьыщыщIэдзауэ «Гара-Баши» станцым (тенджызэ щIыIум нэхъыр метр 3780-кIэ нэхъ лъагэщ) нэс метр 1000 зи кIыхьагъ «Iуащхьэмахуэ-3» кIапсэ гъуэгу уху ящыщ ящIэ Iэмалым.

Зыгъэпсэхупlэхэм папщIэ Iэщlагъэлlхэр гъэхьэзырын

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - УФ-м и Правительствэм и лIыкIуэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр Пятигорск щыхуэзащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщI Верещагин Сергейрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ университетым и ректор Левитская Алинэрэ.

ЗэIУщIэм щытепсэлъыхьащ щыналъэм и курортхэм папщIэ Iэщlагъэлlхэр гъэхьэзырын и лъэныкъуэкIэ зэгъэзэжьынкIэ зэтеухуэным егъэщIылIа Iуэхуэхэм.

Журналистхэм яхуэхуэ нужь, Верещагин Сергей жиIащ еджапIэм и унафэщIэм Iуэху зыбжанэкIэ зэрагурыIуар. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, дунейпсо пщалъэ кьиттIасэ курортхэмрэ абыхэм ехьэлIа псэуалъэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэм щыухуэным и Iуэхуэр нобэ зытетэщIапхьэр экономикэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ Iэщlагъэлlхэрщ. Ахэр щыгъуаэзу щытым хуейщ дунейм псом мы Iуэхуэр зэрыщыгъуэвам. Иджы апхуэдэ Iэщlагъэлlхэр игъэхьэзырынущ федеральнэ университетым.

- Бизнес мащIэмрэ курытымрэ я IэнатIэм зи зэфIэкIхэр кьыщызыгъэльэгъуэну Iэщlагъэлlхэр проектыр гъэзэщIэным жыдэжру хэлъэкьыхьынущ, - кIыхьитIобелджылыкIащ Верещагин Сергей.

Левитская Алинэ жиIащ Кавказым и щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ фIыуэ щыгъуаэз Iэщlагъэлlхэр еджапIэм зэрыщагъэхьэзырынур. Абыхэм хамэ къэралыбзэу тIу нэхъ мынэхъ мащIэ ящIэн хуейщ. ЗэрагубзыхуамкIэ, ныбжьыщIэхэм лэжьыгъэм зыщыхуагъэсэнущ Сочэ дэт къэрал турист Iуэхуэщlапlэ нэхъ инхэм, нэгъуэщI къэралхэм я курортхэм.

ЗэIущIэм щыжиIащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м бадзэуэгъуэм и кIэр я кьэсыху щыналъэр зыхуэныкьуэну Iэщlагъэлlхэм я бжыгъэр зэхигъэкIыну.

Компаниемрэ унафэщIхэм я мурадщ университетыр ягъэ кьэзыух апхуэдэ Iэщlагъэлlхэр Къэрэщей-Щэрджэсыр щыIэ Аулыз курортым ягъэкIуэну - абы мы гъэм лэжьэн щIидзэнущ. ИужькIэ абыхэм кьащIэпплъэнущ Осетие Ищхьэрэм и Мамисон, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэмахуэ - Безенги зыгъэпсэхупIэхэм. Зэман дэкIмэ, Дагъыстаным и Матлас, Ингушым и Цори, Армхи щыпIэхэм. Минводхэм я ухуэныгъэщIэхэм щылажьэну Iэмал ягъуэтынущ.

ШэшэнымщыIэ Ведучи курортым и гугъу пщIыкIэ, Верещагин Сергей жиIащ ар компаниемкъыхэзыхьэным теуха Iуэхум УФ-м и Правительствэр зэрыхэплъэр. «Си гугъущ ари зэман гъунэгъум туррклестерым щыщ хъунэу», - кIыхьитIощхьэхуIкIащ ОАО-м и унафэщым.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.

● Фондхэр

Сом мелуани 152-м хуэзэ щIыхуэ

Хъэрычэтыщ Iэ Iэнатlэ щIыкIуэхэм защIэгъэкъуэныкIэ муниципальнэ фондхэм япэ мазихым кьрнубыдэу сом мелуан 48-м хуэзэ заем мыину 169-рэ Iуэхуэщlапlэ мащIэхэм хухахащ. Абыхэм я нэхъыбэр мэкъумэщщIэныкIэ сатумрэ халъхьащ. ЩIыхуэхэм я фIыгъэкIэ, лэжьапIэ IэнатIэу 320-рэ къызэIуахащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хьэрычэт Iуэху мащIэмкIэ и къудамэм зэрыщыжаIамкIэ, мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу сом мелуани 152-м пэкIуэ заему 667-рэ къагъэсэбэпащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хьэрычэт IэнатIэ щIыкIуэхэм я щIэгъэкъуэн муниципальнэ фондым 13 мелуанэ, район псоми щолажьэ, мэкъумэщщIэ (фермер) хозяйствэхэри хэту, Iуэхуэщlапlэ мыинхэм илъэс щIалъэкIэ сом мелуаным нэблагъэ щIыхуэу ират. АбыкIэ унафэр ещ ящ я къыщхьэщыжакIуэ (попечительскэ) советым къыщащтэ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Мыбы щыIэхаублащ сабийхэм, ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм, балигъхэм гъэмахуэ лъэхъэнэм зэпэщу зрагъэгъэпсэхуным ехьэлIа Iуэхуэхэр.

ЩIыхуэхэм кьалэ гуэлым зыщагъэпскI. Абы и Iуфэм спорт зэпеуэхэр, щэнхабзэ гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкIыжкI. Гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэм егъэщIылIа лэжьыгъэм я нэIэ трагъэтщ кьалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и кьудамэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ, физкультурэмрэ спортымкIэ и кьудамэмрэ я унафэщIхэу Бырхэм Аленэрэ Джэрыджкэ Сэфрэйлрэ, Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщIхэм. Абыхэм яхуэзэфIэкI кьаугъанэкъым кьалэм щыпсэуэхэм Iэмал зэригIэкIэ нэмэ купщIафIэу зрагъэгъэпсэхун папщIэ.

Псалъэм и хьэтыркIэ, Бахьсэн и сабийхэмрэ ныбжьыщIэ нэхъыжьыIуэхэмрэ яхэтащ «Кьеблагъэ, гъэмахуэ!» гуфIэгъуэм. Псыми абы и Iуфэми щыкIуэр щызэпеуащ, гуэл Iуфэм куэд кьыщыфащ. Нэгузыужь Iуэхум хэтащ балигъхэри.

ТЫЭЩ Элинэ.

● Инвестицэ программэхэр

Мурад пыухыкIам тету

2013 гъэм, апхуэдэу 2014, 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ инвестицэ программэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм зэхъуэкIныгъэхэр хилъхьащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыным, узынщагъэр хьэмэнымкIэ IэнатIэм и псэуалъэхэр къэгъэщIэрэщIэным, зэгъэпэщыжыным сом мелуан 500-м щигъу, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я объектэр зыхуей хуэгъэзэным сом мелуани 180-рэ мы илъэсым кьыщагъэсэбэпынущ. Спорт Iуэхуэщlапlэхэр ухуэнымрэ зэгъэпэщыжынымрэ сом мелуани 130-м щIигъу халъхьэну трахуащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Шэрэдж щIынатIэ

Гъэ еджэгъуэщIэм хуокIуэ

Шэрэдж щIыналъэм и еджапIэхэм гъэ еджэгъуэщIэм зыхуэдэ гъэзыр, школхэр зыхуей хуагъазэ. Псалъэм папщIэ Къэщкъэтау, Бабугент, Къарэсу, Джэрпэджэж, Безенги къуажэхэм лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ: курыт еджапIэхэм я пщIантIэхэр ягъэдэхэнущ, щхьэгъубжэхэмрэ лъэгуэмрэ зэрахъуэкIынущ.

РАЙОНым и администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщым и къуэдзэ Эфендиевэ Терезэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, псори зэхэту зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэм сом мелуани 10-м щIигъу хухахащ. Абы щыщу мелуани 9,9-р федеральнэ бюджетым, сом мин 430-р езы Iуэхуэщlапlэхэм бюджетым щымыщ я мылъкуэм кьыхахащ.

ИужькIэ зэхэлъхьэжынущ 2013 - 2014 гъэ еджэгъуэщIэм нэхъыфIу зыхуэгъэхьэзырынымкIэ школхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм кьрикIуахэр. Мы зэманым коммисэ къызэрагъэпэщащ. Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэр щагъэгъуэзащ зэпеуэм кьрикIуахэр щызэхалъхьэжкIэ нэхъ зытрагъэщIэну Iуэхуэхэм, текIуэхэм ахъшэ саугъэту ятынур зыхуэдизым. Зэпеуэм кьрикIуахэр щыщхьэIум и 15-м къапщытэнущ.

ЧАБДАРОВ Марат.

● Гъавэ-2013

ХэкIуэдыкI щыIэкъым

Шэджэм районым и губгъуэхэм ящ хэгъуэм щигъащIэгъуэну. Бжьыхьэсэ хьэр кIэрыхуэнщэ зэщIакъуэжащ. Абы гектар 528-рэ хухахати, дэтхэнэми ику иту центнер 27-рэ ящыщIыкIащ. Ар районым щынэхъ бжыгъэфIщ.

Нартан къуажэм щыщ бзджэндыкIыжьхэм гороху гектар 50-м щызэрахьати, дэтхэнэми центнер 40 къытрахащ икIи, хэкIуэдыкI щымыIэу, Партизан зэ консерв заводым иратащ.

КIАРЭ Элинэ.

къызэрабжамкIэ, ящ хьэгъэхэм центнер 58 - 40 къытокI. А лэжьыгъэр гектар 400-м щызэфIагъэкIащ.

● Футбол

Зэгъунэгъуэр зэрытегъэкIуакъым

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ящ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекIуэкI зэхъэзэхуэм и еплIанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм вэсэмахуэ кьыщригъэблагъат Владикавказ и «Алания»-р.

ЗЭГЪУНЭГЪУ республикэхэм я командэхэр я къарукIэ зэхуэдэу кьыщIэкIащ икIи зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, я зэIущIэр ихуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топыр дигъэкIащ Руа Карлос.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Алания»-мрэ я зэIущIэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужькIэ ящэ дивизионым и турнир таблицэм игъуэта тепльэмрэ ятеуухуа тхыгъэ би газетым и кIыхьэлъыкIуэ кьыдэкIыгъуэм тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ!

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпэхым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралъэкIыным е ялъэкIыну зэрызагъэхьэзырым теуха хьыбархэм фыщIыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Щэхуакlуэхэр къэбгъащIэмэ...

УФ-м и Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ контрафакт хьэщIыщIхэмкIэ сату зэращIым щхьэкIэ ирагъэхь жэуапльныгъэр нэхъ ткIий ящI законым.

Псалъэм папщIэ, щэхуакlуэхэр апхуэдэ продукцэхэмкIэ къызэрагъапщIэм щхьэкIэ къуэдыхэр мыпхуэдизу хъуэу ягъэуват: щIыху къызэрыгуэкIым ирагъэтыну сом минищым кьыщыщIэдзауэ минитхум нэс, кьулыкъу зыIыгъэм - сом мини 10 - 20, Iуэхуэщlапlэхэм - сом мин 20 - 40.

Апхуэдэуи нэгъуэщIхэм я сату дамыгъэхэр къызыгъэсэбэпхэм тралъхьэну тезыхэри щыубзыхуащ хабзэм.

Дунейм псом щыIэзыщIыса хъыбарыфI

ЦIыхуэр хъыбарегъащIэ Iуэхуэщlапlэхэр мы махуэхэм ихъыбэр зытепсэлъыхьэм ящыщщ Инджылыым и пащтыхь, унагъуэм хуэхъуэ зэраIэр - Елизаветэ ЕтIуанэм и къэзрыльху Уильямрэ абы и щхьэгъусэ Мидлтон Кейтрэ я къуэр дунейм кьытехьащ.

ЗэкIэ щIэ зыфIамыща сабийм зэгъэр пащтыхь тахьтэр кьыльысынкIэ зэрыхъунум топсэльыхь къэралым и щIыхуэр - и адэщхуэ Чарльзрэ и адэ Уильямрэ я ужь щитщ ар а «чэзуэм». Сабиймрэ абы и анэ Кейтрэ сымаджэщым кьыщIиныщIащ Уильям. Тхыдэ мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхуэгъуэу кьалыгъэр я нэкIэ зэзыгъэльагъуну хуей щIыхуищэхэр щызэхуэсат сымаджэщ бжэIупэм. Зэщхьэгъусэхэм я гуфIэгъуэр дагъэльапIэу, абыхэм Iэгуауэщхуэ хуаIэтащ.

Болгарием и Парламентым и депутатхэр дыгъуасэ лэжьакIуэ къыдэкIакъым. ШэчхэмыльтУ, ахэр нгъэшынащ я унэм и утышхуэм щIыхуэ къыдыдэ зыхуэ пэкIу вэсэжщ зэрыщекIуэкIам.

ЦIыху губжьахэм Парламентым и бжэр кьапэжщIэхуэхэмкIэ ягъэбыдат - льэс лъагъуэхэм тельэ мывэхэри, пхъэнкIий зрадгэ ашычхэри кьагъэсэбэпат. Унэм щIаубыдат щIыхуищэм нэблагъэ, абыхэм яхэтт правительствэм щыщхэри журналистхэм. Хьэйм нкIахэр зэлъыIунгъэкIуэту полицэм бжэр Iуихьжыкьи щыхуэзэфIэкIар нэхущхэм дежщ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мыарэзыхэм я акцэхэр Болгарием щекIуэкIыу щIадзащ махуэ пIыщIхуэдизкIэ уэзIэбжьыжмэ - Пеевски Делян льэпкъ щынагъуэщIагъэмкIэ къэрал Iуэхуэщlапlэм и унафэщIу зэрагъэзнар ямыдэу. Кьулыкъу зратар абы кьытекIыжьыну зэрырэзыгъжиIа щхьэкIи, щIыхуэхэр зэбгрыкIыжакьым, атIэ министрхэм я кабинетыр зэрыщыту текIыну кьагъэуву хуежьащ. Иджыри кьикIуэтыну я мурадкъым.

КъикIуэтыну я мурадкъым

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 25, *махуэку*

■ **Тунисыр Республикэ щыхъуа махуэщ**

■Актер, усакIуэ, узрэджьIакIуэ щIрыIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Высоцкий Владимир** (1938 - 1980) дунейм щехыжа махуэщ.

■1472 гъэм шэрджэх кхъуэ 24-рэ тенджыз ФIыщIэм зэрыкIри, Тыркум теуауэ щытащ.

■ 1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущI гъуэгур зэфIэгъэувэжьынкIэ зэфIэкIащ.

■1984 гъэм **Савицкая Светланэ** щIыхубз космонавтхэм ящыщу ягъэ кхъуэхым кьикIри, хьэршым хьэхащ.

■ КъШР-м и щIыхубэ тхакIуэ **Ахъмэт Мухъэдин** кьыщральхъурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

■АР-м и къэрал лэжьакIуэ, журналист, политикэ щIэныгъэхэм я доктор **КIэрашэ Асльэнбэч** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *мэрем*

■**Кубэ Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щIыхубэм зыкъыщаIэта махуэщ.** 1953 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м щIадзэри, лъэпкъыр щIэбэнащ Батистэ Фульхенсио и диктатурэр тедзыным. А бэнэныгъэр Кастрэ Фидель зи пашэ хэкупсэхэм я текIуэныгъэкIэ ихуащ 1959 гъэм.

■1918 гъэм къызэрагъэпэщащ Статистикэм и управленэ нэхъыщхьэр.

■1926 гъэм Петропавловск быдапIэм декабристхэр щаухуащ.

■1957 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу иутIыпщащ гъуэгуанэшхуэ зэпызычыф балистическэ ракетэр.

■ ТхакIуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышко Олег** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

■**УсакIуэ щIрыIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бицу Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

■Къэраллэжьакlуэ, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

■КъБР-м щыIхь зиIэ и артист **Iэщын Руслан** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIэмыхъУ Мариэнэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къапхъэнми имыгъапщIэ иубыдыркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

• Ди лъэпкъэгъухэр

КъэралитӀ зэпамыщӀэу, Хэкум кӀуэжыфамэ...

(*СэмэгумкӀэ къыщыщӀэдзауэ*) **Дзыгъуанэ Хьэнэфий, ГъукӀакъуэ Эрол, Емуз Баязыт** *сымэ.*

Сирие Хьэрып Республикэм щекӀуэкӀ зауэм кърихужьахэм ящыщщ адыгэхэр. Зи щхьэр мафӀэм къыхэзыхахэр къэрал зэмылӀэужьыгъуэхэм Ӏэпхъуащ, гузэвэгъуэр ящхьэщыкӀыху щыпсэуну. Апхуэдэу ди лъэпкъэгъухэм я нэхъыбэм ТыркумкӀэ яунэтӀащ. Абыхэм гуапэу къапежьащ а къэралым щыпсэу я къуэшхэр икӀи адыгэ нэхъыбэ зыдэс жылагъуэхэм псэупӀэ къыщыхуагъуэтащ. «Хуитыныгъэ» радиом и корреспондент Емуз Баязыт иджыблагъэ яӀущӀащ гузэвэгъуэ хэхуа адыгэхэм бысым яхуэхъуа я къуэшхэм.

МАРАШ къалэм щыпсэухэр ящыщщ Сирием къикӀа ди къуэшхэр Тырку къэралым адыгагъэ яхэлъу къезыгъэблэгъахэм. Абыхэм я Ӏуэху зэрыдэкӀым, езыхэм зэрызыщӀагъэкъуэфым тхутепсэлъыхьащ адыгэ жылэхэм дэсхэр:

Дзыгъуанэ Хьэнэфий: - Адыгэхэр дэнэ щӀыпӀэ кӀуэуэ щытми, езыхэм я лъэпкъэгъу къалъыхъуэ, абыхэм зыпащӀэ - ар ди хабзэщ. ЩтапӀэ ихьэжа ди къуэшхэмрэ дэрэ апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ дызэрыгъуэтащ, езыхэр дэӀэпыкъуэгъу хуэныкъуэт, дэ гузэвэгъуэ хэхуахэм зэрызащӀэдгъэкъуэн Ӏэмал къэтлъыхъуэрт.

Тыркум ис адыгэ псоми сыт и лъэныкъуэкӀи тхузэфӀэкӀыр дощӀэ, диӀэр зэдыдогуэш.

ГъукӀакъуэ Эрол: - Тыркум къэкӀуа ди къуэшхэр зыхуей хуэдгъэзэн папщӀэ, зэлъэпкъэгъухэр дызэхыхьауэ ди Ӏэ къызыпекӀуэкӀ къэдгъанэркъым. А Ӏуэхум теухуауэ Мараш къалэм и Ӏэтащхьэм зыхуэдгъазэри, Сирием къиӀэпхъукӀ ди къуэшхэм я Ӏуэху зыӀутым щыдгъэгъуэзащ. ИкӀи ди лъэӀур зэхищӀыкӀри, ди жылэм къыдэтӀысхьахэм мазэ къэс ерыскъыхэкӀхэр яхуигуэшыну дыкъигъэгугъащ. А унафэри ягъэзащӀэ.

Тумэ Шахуэр: - Сэ сызэрегупсысымкӀэ, мыпхуэдэу дымыщӀамэ нэхъыфӀт, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, зэкӀэ къэкӀуахэр дэр-дэру зыхуей худогъэзэф, ауэ цӀыху гупышхуэхэм къэкӀуэн щӀадзэмэ, къэралым и дэӀэпыкъуныгъэм дыхуэныкъуэнущ. Абы нэхъапэ дегупсысу, Ӏуэхур занщӀэу апхуэдэу дгъэпсын хуеящ. КъищынэмыщӀауэ, залымыгъэм кърихужьэ ди къуэшхэр хэкум кӀуэжыну я нэ къокӀ, ауэ апхуэдэ Ӏэмал яӀэкъым. Ди адэшхуэхэр къыздикӀа щӀыналъэм ирагъэблэгъэжу зэтраублэфатэмэ, абы нэхъыфӀ сыт щыӀэт?!

Жылэхьэж Ибрэхьим: - Ди къуажэ Сэрэджыкъи къыдэтӀысхьащ ди къуэшхэр, уеблэмэ сэ си уни естауэ щызогъэпсэу. Мыхэр зауэм кърихужьауэ аращ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ иджыпсту Тыркум къэӀэпхъуэхэр ди лъэпкъэгъуу щымытами, апхуэдэ гузэвэгъуэ хэхуахэм дазэрыдэӀэпыкъунур. Лей къызытехьар зэи утыку къибнэ хъунукъым, пщэдей уэ къыпщыщӀынур пщӀэркъым.

Иджыпсту унэ-лъапсэ зыгъуэтахэр хъарзынэу мэпсэу, я сабии балигъи къыдэсахэщ. Нэхъапэм я цӀыкӀухэр къыдбгъэдэмыхьэу, къытщыукӀытэу щытати, иджы къыдэсахэщ, я гъунэгъухэми хъарзынэу ядогъуэгурыкӀуэ.

Щанэ Эрхьан: - Ди хэкум кӀуэжыфамэ нэхъыфӀт нобэ ди деж къыщызэтеувыӀэхэр. Я бзэр, я хабзэр, я лъахэр ягъуэтыжынут, хамэ щӀыпӀэхэр зэпащӀэу дэмыту. Дэри ди нэ къокӀ Къэбэрдейм дыкӀуэжыну, унагъуэ-унагъуэу дыщетӀысэхыжыну. Абы ипкъ иткӀэ, Урысейр Ӏуэхум хэлӀыфӀыхьын хуейщ, арыншауэ ди гурылъхэр къыдэхъулӀэнукъым.

Мы гъэм еплӀанэу ирагъэкӀуэкӀ Кавказ Ищхъэрэ щӀалэгъуалэ щӀэныгъэ зэхыхьэм ди федеральнэ щӀыналъэм щыщу хэтынухэр цӀыху 3 927-рэ мэхъу. Абы къищынэмыщӀауэ, хьэщӀэхэр къикӀынущ УФ-м и щӀыналъэхэм, СНГ-м, Евросоюзым хыхьэ къэралхэм.

Гъэ къэс йофӀакӀуэ

- 2013 ГЪЭМ федеральнэ мылъкум къыхэкӀыу зэхыхьэм текӀуэдэнущ сом мелуан 50, къищынэмыщӀауэ, щӀыпӀэ бюджетым мелуани 5 къыхэкӀынущ. А ахъшэр текӀуэдэнущ лагерыр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным, - къыхигъэщащ Ставрополь крайм щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и комитетым и унафэщӀым и къуэдзэ Селин Владимир. - Ди щӀыналъэм дежкӀэ ар мыхьэнэшхуэ зиӀэ зэхьэзэхуэхэм ящыщщ, абы и къалэн нэхъыщхьэри Кавказ Ищхъэрэм ис щӀалэгъуалэр зэрыгъэцӀыхунырщ, зэчиифӀэхэр тегъэгушхуэнырщ, иджырей щӀэныгъэ технологиехэм щыгъэгъуэзэнырщ.

ЩӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ комитетым Ӏулыджышхуэ щиӀэщ мыбы, бысымым и зэфӀэкӀым хохъуэ, егъэджэныгъэ щрагъэкӀуэкӀ утыкухэм къыхагъахъуэ, абы къыщаӀэт упщӀэхэр нэхъ куу мэхъу. Грант фондыр зэрыщытауэ къэнэжащ - сом мелуани 100 бюджетым къыхокӀ. Зэрырагъаджэ программэхэр ирагъэфӀэкӀуащ (япэрейм хэта Ӏуэху зэӀумыбзхэм хэплъэжащ, зи ӀэщӀагъэм пэмылъэщу къалъыта тренерхэмрэ лекторхэмрэ теухуауэ къагъэлъэгъуауэ щыта мыарэзыныгъэхэр къалъытащ).

• Гъэмахуэ-2013

Мэшыкъуэр зи плъапӀэхэр

- Сэ щӀэныгъэм егъэлеяуэ дихьэххэм сащыщкъым, ауэ сэбэпынагъ пылъу зызгъэпсэхуну сфӀэфӀщ, - жеӀэ Ставрополь Ӏэщ зехуэнымрэ Ӏусыпхъэ зехьэнымкӀэ и щӀэныгъэ-къэхутакӀуэ институтым и лэжьакӀуэ, мэкъумэш щӀэныгъэхэм я кандидат, «Умник-2012» грантыр къэзыхьа Пикалов Алексей. - Гукъыдэжышхуэ сиӀэу срихьэлӀащ, «Мэшыкъуэм» си щыпэкӀуэщ. А щӀыпӀэ телъыджэм сэбэпынагъ ин зыпылъ лэжьыгъэмрэ зыгъэпсэхунымрэ екӀуу щызэдэпхь мэхъу, уеблэмэ къэхутэныгъэщӀэхэм ухуишэнкӀэ зыхуэӀуа щыӀэкъым.

Илъэс 25-рэ зи ныбжь ставрополдэсым и щӀэныгъэ къэхутэныгъэхэр хуэгъэпсащ мэл гъэхъуным зегъэужьыным фейдэуэ къыпэкӀуэр процент 70-кӀэ гъэбэгъуэным. Мэкъумэшым елэжь Ставрополым дежкӀэ ар мыхьэнэ зиӀэ Ӏуэхущ. Абы къегъэлъагъуэ зэхыхьэм лъэныкъуэ куэд къызэрызэщӀиубыдэр - волонтёр лэжьыгъэм щегъэжьауэ къэпщытэныгъэ щӀэныгъэм нэс.

Куэд къызэщӀеубыдэ

ШАТСКАЯ Иринэ нэгъабэрей зэхыхьэр къызэгъэпэщыным жыджэру хэтахэм ящыщщ. Мы гъэм сыткӀэ къыдихьэхыну пӀэрэ Ставрополь и хьэщӀэхэр?

- «Япэрауэ, цӀыхухэмкӀэ - ди лъахэр зэрыгушхуэ лӀыхъужьхэмкӀэ. Апхуэдэу, щӀыналъэм и пщӀэр зыгъэлъагэ спортсменхэр, артистхэр, музыкантхэр, щӀэныгъэлӀхэр яхэтынущ щӀалэгъуалэм, - жеӀэ Иринэ. - Олимп чемпионхэр, Къэзан щекӀуэкӀа Универсиадэм текӀуэныгъэ къыщызыхьахэрщэ?! «Мэшыкъуэм» щыӀэхэм абыхэм драгъэкӀуэкӀынущ пщэдджыжь зарядкэхэр. Ди мурадщ, ди лъахэгъу цӀэрыӀуэ Слепаков Семён форумым хэтхэм яӀудгъэщӀэну. «КВН-м и школи» къызэдгъэпэщынущ. Ар куэдым телъыджэ ящыхъуну ди гугъэщ.

Зэрыхабзэу, зэхыхьэр Ставрополь крайм и махуэмкӀэ къызэӀуахынущ. Мы гъэм абыи щӀэщыгъуагъ хэтлъхьэну ди мурадщ. Хабзэ хъуа лъэпкъ пщӀантӀэхэракъым духуэнур, атӀэ дэтхэнэми и зэфӀэкӀ щигъэлъэгъуэфыну интерактивнэ утыкухэрщ. Абыхэм ящыщ зым зэхыхьэм кърихьэлӀэхэм щызэдаухуэнущ арт-объект гуэр. Ар зищӀысу щытынур зэкӀэ щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ комитетым и щэхущ. Нэхъыщхьэр, абы псоми я гуащӀэ зэрыхалъхьэнурщ.

Гъунэгъу зэхущытыкӀэ

- ЗЭХЫХЬЭМ къыщызэӀуахынущ Ӏуэхугъуэ щхьэхуэхэм хуэгъэпса утыкухэр. Щхьэж и щхьэ Ӏуэху фӀэкӀа зэримыхуэжу щытынукъым. Псалъэм папщӀэ, «Победа-70» унэтӀыныгъэм ухэтмэ, абы къикӀыркъым нэгъуэщӀ Ӏуэхухэр зэпкърызыххэм уахыхьэ мыхъуну. Дэтхэнэми лагерым щигъэкӀуэну зэманыр лъэныкъуэ куэдкӀэ къалъытэн хуейщ: къыщыкӀуэкӀи щежьэжкӀи тест лэжьыгъэхэр ягъэзэщӀэнущ, Ӏуэхум зэрыпэрыт жыджэрагъри къалъытэнущ. НыбжьыщӀэм хуагъэувыну дэтхэнэ баллми мыхьэнэ иӀэнущ щхьэж и проектыр пхигъэкӀынымкӀэ. Статистикэм къипщытэнущ ехъулӀэныгъэхэри щыуагъэхэри, къищынэмыщӀауэ, щхьэж езым къигупсыса унэтӀыныгъэкӀэ утыку иухуэну хуитыныгъэ иӀэнущ.

Иджыри зы щӀэщыгъуагъ. Мы гъэм кураторхэм къахэхъуэнущ. «ХьыбарегъащӀэ ӀэнатӀэр» и нэӀэ щӀэтынущ Шэшэн Республикэм ЩӀалэгъуалэ политикэмкӀэ и министерствэм. Ӏуэхур гугъуми, ар я пщэ далъхьэну щахуэдгъэлъэгъуам, занщӀэу арэзы хъуахэщ, жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъыр къагурыӀуэ пэтми. ЩӀэныгъэлӀ ныбжьыщӀэхэм я зэхыхьэм зеубгъу, я зэфӀэкӀхэм хохъуэ, - жиӀащ Иринэ.

МАКСИМОВЭ Еленэ.
«Аргументы и факты».

• Псэупӏэ

ЕгъэджакӀуэхэм зыщӀагъакъуэ

Вологодскэ областым я ӀэщӀагъэ пэрыхьагъащӀэ егъэджакӀуэхэм ипотекэ кредит къыӀахыну Ӏэмал яӀэнущ, хуэгъэкӀуатэ яӀэу. Мы гъэм я псэупӀэхэр ирагъэфӀэкӀуэфынущ егъэджакӀуэ 96-м.

А ПРОГРАММЭР гъэзэщӀа хъуным федеральнэ мылъкум щыщу сом мелуан 15,8-рэ хухахынущ, щӀыналъэ бюджетым сом мелуан 12,9-рэ къыхэкӀынущ. А ахъшэр ипотекэ кредит къэзыщтэм япэу хилъхьэн хуей процент 20-м пагъэкӀуэнущ.

- Псом нэхърэ нэхъыщхьэр егъэджакӀуэр къагъэув мардэхэм хуэкӀуэу щытынырщ: и ныбжьыр илъэс 35-м фӀэмыкӀыу, илъэсищ нэхърэ мынэхъ мащӀэкӀэ ӀэнатӀэм пэрытауэ щытыпхъэщ, и улахуэмрэ и унагъуэм иӀэ хэхъуэмри къалъытэнущ, - жиӀащ Вологодскэ областым ЕгъэджэныгъэмкӀэ и департаментым и унафэщӀ Рябовэ Еленэ.

А Ӏуэхум сом мелуан 35-рэ нобэкӀэ хухахащ, ауэ абы и проценти 10-рaщ зэкӀэ къагъэсэбэпар. Апхуэдэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэми шэч уегъэщӀ.

- Къэбгъэлъагъуэмэ, кредит къыӀахыну хуейуэ банкым зыхуэзыгъэза цӀыху 200-м ящыщу арэзыныгъэ зратар 16 къудейщ. Ар икъукӀэ мащӀэ дыдэщ, - жеӀэ щӀыналъэм закон къыдэзыгъэкӀ и орган нэхъыщхьэм бюджетымрэ налогхэмкӀэ и комитетым и Ӏэтащхьэ Канаев Алексей.

Мыбдеж къыщыхьа бжыгъэр 2012 гъэм къикӀуахэмкӀэ къабжаращ. ӀэщӀагъэлӀхэм зэрыхуагъэфащэмкӀэ, Ӏуэхур къэзылъэхъар дэфтэрхэр гувауэ зэрагъэхьэзырарщ. КъищынэмыщӀауэ, егъэджакӀуэ псори хуэкӀуэртэкъым Ипотекэ псэупӀэ кредит фондым иубзыхуа мардэхэм.

МатематикэмкӀэ егъэджакӀуэ Дуровэ Аннэ къелъытэ пэщӀэдзэ ахъшэу хэплъхьэн хуейр куэдыӀуэ хъууэ. Ар псэупӀэм техуэ ахъшэм и процент 10 мэхъу. Апхуэдиз ахъшэ ятыфынукъым езыми и лэжьэгъухэми.

- Фэтэрым и уасэм елъытауэ пэщӀэдзэу хэплъхьэн хуей ахъшэр сом мин 200-м щегъэжьауэ мин 300-м нос. ЕгъэджакӀуэ ныбжьыщӀэм апхуэдиз ахъшэ зэхуихьэсыфынукъым, - жеӀэ Аннэ.

Апхуэдэу щытми, щӀыналъэм егъэджакӀуэхэр щымащӀэщ. Ахэр школхэм кърашэлӀэн папщӀэ къагупсысауэ аращ кредит ятыныр, ауэ проценти 10-р езыхэм халъхьэн зэрыхуеймзыри яхуещӀэркъым, егъэджакӀуэхэми яхуэфӀэкӀыркъым. Къэрал дэӀэпыкъуныгъэр кредитым и процент 20 къудей хъууэ аращ, ахъшэм проценти 8,5-рэ тохуэ.

ЦЫГАНКОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

• Ӏуэху еплъыкӀэ

Сабий мелуани 5,5-м тӀысыпӀэ къалъысынукъым

УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщӀэныгъэмкӀэ и министерствэм 2013 - 2018 гъэхэм зэфӀигъэкӀыну и мурадхэм я нэхъыщхьэу къигъэлъэгъуащ зи школ кӀуэгъуэ мыхъуа, илъэси 3 - 7 ныбжьым ит цӀыкӀухэм папщӀэ сабий сад зэпэубыда щымыӀэжу 2015 гъэ пщӀондэ ищӀыныр.

СИ ГУГЪЭМКӀЭ, ар тыншу зэгъэхъулӀэгъуафӀэхэм ящыщкъым. Илъэсибл мыхъуауэ ди къэралым сабий мелуан 12 исщ, абыхэм ящыщу мелуани 5,5-рщ сабий садым кӀуэр. Ди ӀэщӀагъэлӀхэм къызэрахутамкӀэ, апхуэдиз дыдэ мэхъу сабий садхэм кӀуэну къызылъымысхэм я бжыгъэри. Араши, бухуэн хуей сабий садхэм сом триллиони 2,5-рэ ихьынущ (хуэгъэфэщауэ апхуэдиз мэхъу УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкӀэ и министерствэм 2013 гъэм тещӀыхьа и бюджетыр). ЕгъэджэныгъэмрэщӀэныгъэмкӀэ министерствэм абы апхуэдиз мылъку хухихыфыну къигъэгугъэрэ?

Хуабжьу сызэгуегъэп къэрал къулыкъущӀэхэм илъэсищ ирикъуа сабийхэм фӀэкӀа къазэрыфӀэмыӀуэхум. Нэхъ цӀыкӀухэр-щэ? Ахэр Ӏуэхум хагъэкӀыпащ. Хабзэм къызэригъэувымкӀэ, сабийр дунейм къызэрытехьэрэ мазитӀ ирикъуамэ, цӀыхубзыр лэжьапӀэм дэкӀыжыну хуитщ. ЦӀыху псоми я Ӏуэхур, псэукӀэр зэхуэдэкъым, анэр лэжьэн хуейуэ къыщыхуихуэ щыӀэщ, ауэ къэралым абы апхуэдэ Ӏэмал иритыркъым. АтӀэ дэнэ абы и сабийр здихьынур? Сабий унэм иритын хуейуэ ара?

Пэжщ, анэм ахъшэ тӀэкӀу ират сабийм зэрыкӀэлъыплъым щхьэкӀэ, ауэ абы урипсэуфынукъым. ХэкӀыпӀэу къагъэлъэгъуахэм ящыщщ сабийм кӀэлъыплъу унэм щӀэс анэм улахуэ иратыныр. Ауэ, къызыгурывгъаӀуэ, дэ дызытепсэлъыхьыр сабийр школым хуэгъэхьэзырынырщ, абы пэщӀэдзэ щӀэныгъэ гуэр иӀэу япэ классым гъэкӀуэн, гуп хэтыкӀэм зымащӀэкӀэ щыгъэгъуэзэнырщ. Анэ, анэшхуэ псори еджапӀэ нэхъыщхьэхэм щеджауэ, сабийхэм зэрадэлэжьэн хуей щӀэныгъэ ябгъэдэлъу пӀэрэ? Дапхуэдиз гукъыдэж уимыӀами, унэм а лэжьыгъэ псори зэщӀэгъэуӀуауэ щыпхуэгъэкъаруунукъым. ЕгъэджэныгъэмрэщӀэныгъэмкӀэ министерствэм къызэрилъытэмкӀэ, уней сабий садхэр нэхъыбэу къызэӀуахамэ, щытыкӀэм зихъуэжынут, ауэ Ӏуэхур здэщыӀэр аракъым. Псалъэм папщӀэ, Красноярск зы уней сабий сад закъуэ дэту аращ.

Сыт апхуэдэу Ӏуэхур щыщытыр? КъулыкъущӀэхэм унагъуэхэр къафӀэӀуэхукъыми аращ. Унагъуэм сыт щыгъуи зыгуэр ептын, укӀэлъыплъын хуейщ. Пащтыхь къалэнкъым ахэр...

Сыт хэкӀыпӀэу щыӀэр? Ди хуитыныгъэм дыщӀэбэнын хуейщ! Мес, Екатеринбург адэ-анэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ лъэщ щыӀэщи, абыхэм унафэщӀыр щхьэхуимыту ягъэлажьэ.

ДРУЖИНИН Кирилл.
«Аргументы и факты».

• КӀэщӀ дыдэу

Зэман къегъуэт

УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий Instagram социальнэ хъым щиӀэ напэкӀуэцӀым еджэну Ӏэ щӀадзащ цӀыху мин 200-м. Премьерым и сурэтблогым сурэти 160-рэ илъщ.

УФ-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и Ӏэтащхьэм тхыгъэ щхьэхуэ кърилъхьащ и сурэтблогым гулъытэ къыхуэзыщӀахэм фӀыщӀэ яхуищӀу.

Къыхэдгъэщынщи, Медведев Дмитрий жыджэру исщ социальнэ сетхэм. 2011 гъэм Facebook-м къыщызэӀуиха напэкӀуэцӀым нэмыщӀ, Премьерыр цӀыхубэм «щахэтщ» «Вконтакте», «Одноклассники», Twitter аккаунтхэм.

Апхуэдэуи Медведевым и микроблогым цӀыху мелуан 1,9-рэ йоджэ.

БгъэдыхьэкӀэм зехъуэж

ЕджапӀэ нэхъыщхьэр къэзыухахэр лэжьапӀэ ягъакӀуэу щыщыта зэманым къигъэзэжынущ. Апхуэдэ жэрдэм къыхилъхьащ Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и унафэщӀ Шмаков Михаил. Абы къызэрилъытэмкӀэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкӀэм лэжьапӀэ зымыгъуэт щӀалэгъуалэм я бжыгъэр нэхъ мащӀэ ищӀынущ.

«УРЫСЕЙМ лэжьапӀэ зимыӀэ и щӀалэгъуалэм я бжыгъэр куэд мэхъу - проценти 10-м ноблагъэ. Дэ къызэрытлъытэмкӀэ, а щытыкӀэм зегъэхъуэжын хуейщи, яужь дихьэнущ еджапӀэр къэзыухагъащӀэхэр лэжьапӀэ ягъакӀуэу зэтеублэжыным», - жиӀащ Шмаковым.

Мы Ӏуэхум куэд мыгувэу щытепсэлъыхьынущ псэукӀэ-лэжьыгъэ зэхущытыкӀэхэр зезыгъакӀуэ, лъэныкъуищу зэхэт урысей комиссэм и зи чэзу зэхуэсым.

РИА Новости.

Египет (Мысыр) Хьэрып Республикэ - фирхьэунхэмрэ пирамидэхэмрэ я къэрал

Фарукъ пащтыхьыр

Насер Гамал Абдел

Садат Анвар

Мубарак Хьусни

Мурси Мухьэмэд

Иужьрей илъэс 80-м Мысырыр зыӀэщӀэлъахэр зауэлӀхэрщ. Британием щыӀэ дзэ академиер къэзыуха Фарукъ пащтыхьыр зэщӀэхъееныгъэхэм яужькӀэ ихъуэжащ подполковник Насер Гамал Абдел, абы къыкӀэлъыкӀуэу къулыкъур ӀэщӀыхьащ офицер Садат Анвар. Исламистхэм яукӀа Садат ипӀэ иуващ дзэ кхъухьлъатэзехуэ, авиацэм и маршал нэхъыщхьэ Мубарак Хъусни. Иджыщ Мысырым дзэм зыкӀи емыпха президент щиӀар - Мурси Мухьэмэд. Мысырыр зэпӀэзэрытыныгъэм хуэкӀуэжын папщӀэ аргуэру зауэлӀ хуеину пӀэрэ?

Напэкӏуэцӏыр зыгъэхьэзырар НЭЩӀЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Ахъшэр зэрегъэзахуэ

• КъулыкъущӀэхэр

Франджым и президент Олланд Франсуа Къэзыбж палатэр къыщытхъуащ, Елисей уардэунэм илъэс кӀуам игъэкӀуэда ахъшэр къибжа нэужь. Абы теухуауэ иджыблагъэ къытрадза дэфтэрым къыхощ: «2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елъытауэ, етӀуанэрей Ӏыхьэм ахъшэр хуабжьу зэгъэзэхуа щыхъуащ».

Олланд Франсуа

ФИГУ къэдгъэкӀыжынщи, президент къулыкъур зэӀэпызыха Саркози Николярэ Олланд Франсуарэ ахъшэр зэрызэрагъэзахуэр зэщхьу къыщӀэкӀакъым. Абы щымысхь Саркози текӀа нэужь, Олланд занщӀэу къыхилъхьащ Франджым и бюджетымрэ финансымрэ зэпӀэзэрыт щӀыжын папщӀэ къэрал мылъкур зэгъэзэхуэн зэрыхуейр, Елисей уардэунэр зехьэным текӀуадэри зэрыгъэмэщӀапхъэр.

Апхуэдэ Ӏуэху бгъэдыхьэкӀэм къэралым и псэукӀэр, дауи, занщӀэу иригъэфӀэкӀуэнукъым: зэкӀэ къыщӀагъэкӀхэм я бжыгъэм хощӀ, лэжьапӀэ зымыгъуэтхэр нэхъыбэ мэхъу - ар проценти 10-м щхьэдэхащ, езы къэралым и рейтингри къехуэхащ.

Ауэ Къэзыбж палатэм и дэфтэрыр нэплъэжыгъуэ гуэру къащыхьуащ цӀыхухэм. Абы и ӀэщӀагъэлӀхэм къызэратамкӀэ, Елисей уардэунэр зехьэным трагъэкӀуэдэн хуея доллар мелуани 108,9-м щыщу къагъэсэбэпар мелуани 102,9-рэщ, апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ, доллар мелуани 6 къыдагъэхуащ. А ахъшэр, Олланд и унафэкӀэ, къэрал мылъкум халъхьэжащ. Дауэ ар къызэрыдагъэхуар? Олланд япэ ита къулыкъущӀэм, псоми зэращӀэщи, щысхьыншэу икӀи укӀытэншэу ахъшэ игъэкӀуэдыфырт.

Къэзыбж палатэм игъэхьэзыра дэфтэрым къызэрыхэщамкӀэ, Олланд Франсуа ахъшэ зэгъэзэхуэныр и щхьэмрэ нэхъ и гъунэгъу дыдэ лэжьэгъухэмрэ я деж къыщыщӀидзащ, цӀыхухэр къызэригъэгугъам тету. Псалъэм къыдэкӀуэу жыпӀэмэ, япэ дыдэу президент улахуэр игъэмэщӀащ, нэхъапэм къихьу щыта евро 19.721-р иджы 13.764-рэ хъужу аращ, ар процент 13-кӀэ нэхъ мащӀэщ. Апхуэдэуи Ӏэтащхьэм и администрацэм щылажьэхэм къахь улахуэ нэхъ ин дыдэр евро мин 13 хъужу аращ. Нэхъапэм президент къулыкъур зыӀыгъам елъытауэ и кабинетым щылажьэхэм ящыщу цӀыху 13 ӀуигъэкӀащ, шынагъуэншагъэмкӀэ къулыкъущӀапӀэм цӀыху - 26-рэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, ахъшэ нэхъыбэ дыдэ къызыдигъэхуар транспортым трагъэкӀуадэрщ, ар еврэ мелуани 2,4-рэ мэхъу. Олланд и хэхыныгъэ Ӏуэхухэр къыщежьам, цӀыхубэр къигъэгугъат гъущӀ гъуэгу транспортыр нэхъыбэрэ къигъэсэбэпыну икӀи ар и псалъэхэм тетыжащ. Евросоюзым и саммитхэр щекӀуэкӀым и деж езыри, министрхэри, и чэнджэщэгъухэри Брюссель зэрыкӀуэр ма- фӀэгущ. Апхуэдэ зы зекӀуэм еврэ 21.500-рэ къыдигъахуэрт.

Нэхъапэм еврэ минищэхэр зытрагъэкӀуадэу щыта Ӏуэхугъуэ зыкъом «иригъэкӀуэтэкӀащ» Олланд. Апхуэдэу Бруни Карлэ и зэманым лэжьа «бзылъхугъэ сайтыр», зы мазэм еврэ мин 25-рэ зытекӀуадэу щытар, зэхуащӀыжащ. Франджым и иджырей япэ бзылъхугъэ Триервейлер Валери къигъэсэбэпыр Елисей сайтырщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, ахъшэр щызэбгъэзахуэм деж я нэхъ мащӀэри къыдэбгъэхуэн хуейщ. Иджырей президентым удз гъэгъа нэгъунэ тригъэкӀуадэр игъэмэщӀащ - еврэ 230.000-м щыщу 130.000-рэ иригъэхьу аращ, апхуэдэуи Саркози нэгъабэ игъэува илъэсыщӀэ псейм (еврэ 310.000-рэ) нэхърэ куэдкӀэ нэхъ зэщӀэкъуат Олланд игъэувар (еврэ 170.000-рэ).

Къэзыбж палатэм и докладым иджыри зы Ӏуэхугъуэ къыхощ: Олланд президент къулыкъум зэрыпэрыувэрэ Елисей уардэунэм къакӀуэ письмохэм я бжыгъэр процент 30-кӀэ нэхъыбэ хъуащ. Абы ипкъ иткӀэ, Президентым и администрацэм цӀыхущӀэхэр къищтащ лэжьыгъэм пэлъэщын папщӀэ.

Сыт франджыхэм президентым хуатхыр? Гугъукъым ар къэпщӀэну: илъэсым щӀигъу ипэ цӀыхухэр къызэрегъэгугъа, къэралым къыщыхъун хуей зэхъуэкӀыныгъэфӀхэр щалъагъунур дапщэщми къащӀэну хуейуэ арагъэнщ...

«Российская газета».